*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№29 (60549) * 2020 с. * 17 август * 28 зулхIиджа * 1441 с. * итни *

*цIиял харбал*

## Районалъул администрациялда

**Гьал къоязда районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъиялда гьоркьор лъун хал гьабуна районалда приоритетиял проектал тIураялъул. Районалъул бетIер Р. Малачиловас аслияб кIвар буссинабуна районалда гIумруялде рахъине гьарулел ругел «Дир Дагъистан – дир нухал», «Дир Дагъистан – Дир лъим» ва «Мой Дагестан - комфортная городская среда» проектал гьарулаго дандчIвалел ругел захIмалъабазул.**

Республикаялъул бетIер В. Васильевасул жигаралдалъун гIумруялде рахъинаризе байбихьарал лъабабго проект хIалтIулеб буго нилъер районалдаги. «Дир Дагъистан – дир нухал» проекталда рекъон районалъул ункъго поселениялда къачIана ункъго къватI, рагIалде бахъунеб буго Хъвартихъуниб росулъ гьарулел хIалтIабиги.

«Мой Дагестан - комфортная городская среда» проекталда рекъон тIад ран унел руго КIикIуниб ва Мурада росабалъ паркал гьариялъул хIалтIаби, хIадурулел руго КIикIуниб росулъ кIиабилеб парк гьабиялъе документалги.

«Дир Дагъистан – дир лъим» проекталда рекъон лъезе руго лъим бачиналъул рогIрал. Гьелъ рес кьезе буго Хъвартихъуниб, Курмиб, Хьаргаби ва КIикIуниб росдал гIадамал гьекъолеб лъедалъун хьезаризе.

«100 школа» проекталда рекъон хIалтIаби гьаризе хIисабалде росун руго МагIлиб ва Могъохъ школазда.

Данделъиялда гьединго хал гьабуна планалда рекъон налогал ракIариялъул суалги.





**Суратазда:** Данделъиялда.



## ЦIияб цIалул соналде хIадурлъи

**Районалъул лъайкьеялъул гIуцIабазул цIияб цIалул соналде бугеб хIадурлъиялъул хал гьабуна дагьал церегIан къояз.**

Къогоялдаса цIикIкIарал лъайкьеялъул гIуцIабазде щвана районалъул бетIерасул заместитель А. Маликов, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев М. ГIусманов. Хал гьабиялда аслияб кIвар буссинабун букIана терроризмалъул актаздаса цIуниялде, санитариял нормаби цIуниялде ва цIа ккеялдаса цIуниялде.

Районалъул киналго школазда, школазде щвезегIан лъайкьеялъул ва тIадеги лъайкьеялъул гIуцIабазда гьарун руго ремонталъулал хIалтIаби: къадал хъахI гьарун руго, лажбарал рахун руго, хIадур гьарун руго пищеблокал ва столовиял.

Киналго педагогаз гьабулеб буго медициналъул хал гьаби. Гьаб соналда цIияб тIаде бачIараблъун ккола коронавирусалъ унтун гьечIолъиялде къезе кколел тестал. ХIалтIуде риччазе хIисабалде босун буго тестазул хIасилазул халги гьабун.

**Сураталда:**
Хал гьаби тIобитIулеб.



## Нухазде кIвар кьолеб буго

**Районалъул централда тIад ран унел руго росулъ жанир ругел нухал къачIаялъул хIалтIаби. ГьабсагIаталда гьел унел руго «ГIурикIкIанда» авалалда.**

Хасаб техникаялъул кумекалдалъун чабах бан ритIизарун къачIалел руго цIиял авалазде ругел нухал. Хадубккун гьенибе бетон тIезе хIисабалде босун буго, гьава - бакъалъул шартIал данде ккарабго. Бетон тIезе буго 200 метра халалъиялда. Киналго хIалтIаби гьарулел руго нухазул фондалъул харжалдасан.

Гьениб рехсей гьабичIого гIоларо росдал администрациялъул бер щолеб буго ва квер гIунтIулеб буго анцI – анцI соназ тIад хIалтIаби гьаричIого рехун тун рукIарал росдал къватIаздеги. Чабах бан ритIизарун, рес бугеб бакIазде бетон тIун гIадамал разияб хIалтIаби хадубккунги гьаризе къуват кьеги гьезие.

**Сураталда:**
ЦIияб авалалде нух къачIалеб.

# СООБЩЕНИЕ

## о проведении годового общего собрания акционеров открытого акционерного общества «Гергебильский консервный завод»

УВАЖАЕМЫЙ АКЦИОНЕР!

Совет директоров ОАО **«Гергебильский консервный завод»** сообщает о проведении общего годового собрания акционеров общества по итогам работы за 2019 год.

Приглашаем Вас принять участие в общем годовом собрании акционеров.

Полное фирменное наименование Общества: Открытое акционерное **общество «Гергебильский консервный завод»**.

Место нахождения общества: Республика Дагестан,

Форма проведения собрания: собрание.

Дата проведения собрания: 10 сентября 2020 г.

Время проведения собрания: 10 часов.

Время начала регистрации 9 часов.

Место проведения собрания: РД Гергебильский район с. Гергебиль ул. ЗаводскаяNo1

Дата составления списка лиц, имеющих право на участие в общем годовом собрании акционеров: 15 августа 2020г.

**Повестка дня годового общего собрания акционеров ОАО «Гергебильский консервный завод»:**

1. Утверждение годового отчета Общества за 2019 год.
2. Утверждение годовой бухгалтерской отчетности, в том числе отчетов о прибылях и убытках (счетов прибылей и убытков), а также распределение прибыли и убытков Общества за 2019 финансовый год.
3. Объявление дивидендов по результатам 2019 финансового года Общества.
4. Утверждение Устава новой редакции Общества.
5. Избрание членов Совета директоров Общества.
6. Избрание членов Ревизионной комиссии Общества
7. Утверждение аудитора Общества.

**ВНИМАНИЮ АКЦИОНЕРОВ:**

**Для регистрации участнику общего собрания акционеров необходимо при себе иметь:**

**Физическому лицу** – паспорт или иной документ, удостоверяющий личность в соответствии с действующим законодательством (в случае смены паспорта в новом должен иметься штамп с реквизитами прежнего паспорта, либо предъявляется справка из уполномоченного государственного органа, выдавшего паспорт, с указанием реквизитов как нового, так и прежнего паспортов):

**- уполномоченному представителю физического лица** - кроме документа, удостоверяющего личность, иметь доверенность, оформленную в соответствии с требованиями ст.57 ФЗ «Об акционерных обществах»;

**- законному представителю физического лица** – кроме документа, удостоверяющего личность, иметь документы, подтверждающие законные полномочия.

*Документы удостоверяющие полномочия правопреемников и представителей лиц, включенных в список лиц, имеющих право на участие в общем собрании (их копии. засвидетельствованные нотариально) передаются в счетную комиссию.*

**ОАО «Гергебильский консервный завод»**

*нужое пайдаялъе*

# ПЕНСИЯЛЪУЛ КЪАДАР



**Дие песния чIезабизе гIолеб гьечIо цо чанго сон хIалтIул хIалбихьиялъул. Дир хIалтIул хIалбихьиялъул къадаралда гьоркьобе бачине бегьулебищ лъималазда хадуб гьабураб бербалагьи. БитIараб бугебищ гьеб гьоркьобе бачиналъ пенсиялъул къадар цIикIкIине гьабулеб. ГIисинал лъималазда хадуб бербалагьи гьаби гуребги цоги щиб заман гьоркьобе унеб хIалтIул хIалбихьиялда?**

Бегьула, гIисинал лъималазда хадуб гьабураб бербалагьи уна хIалтIул хIалбихьиялде страховый гуреб заманалде. ХIалтIул хIалбихьиялде гьоркьоре уна страховияб заман – хIалтIи кьолес пенсиялъул фондалде взносал кьолеб, страховий гуреб хIалтIул хIалбихьиялда гьоркьобе бачунеб ва пачалихъалъ пенсиялъул коэффициентал тIаде журалеб.

**Страховияб гуреб заманалда гьоркьобе уна:**

-ГIисинал лъималазда хадуб бербалагьи гьабуралъухъ цоял умумузе лъимаца I,5 базегIан: тIоцебесеб лъимаде - I,8 бал цо лъагIелалъе хIисаб гьабун, кIиабилеб лъимаде – 3,6 бал, лъабабилеб лъимаде – 5,4 бал, 4,5 соналдаса цIикIкIун кьоларо.

-рагъулабхъулухъ тIубазабуралъухъ цо лъагIел I,8 бал.

- I группаялъул инвалидасда, 80 соналдаса тIаде араздаса хадуб бербалагьи гьабуралъухъ I лъагIалие – I,8 бал.

- Лъимер инвалидалда хадуб бербалагьи гьабуралъухъ цо лъагIалие I,8 бал.

- КъотIи – къаялда рекъон рагъулаб хъулухъ тIубазабулел хъизамазул цоязе, хIалтIудалъун хьезаризе захIматаб бакI букIин хIисабалдеги босун, цо лъагIалие I,8 бал. Щуго сонидаса цIикIкIун кьоларо.

- КъватIиса пачалихъазда хIалтIулел ругел дипломатазул хъизамазе цо лъагIалие I,8 бал.

- Уголовияб законалда рекъон заманаялъ хъулухъалдаса рахъун рукIарал, уголовияб тамихIалде цIан рукIарал, хадуб судалъ реабилитировать гьаруразе цо лъагIалие – I,8 бал.

Страховияб гуреб заман рикIкIине бегьула хIалтIул хIалбихьиялда гьоркьобе пенсия босулеб хIалтIул хIалбихьи букIине кколеб къадаралде бахинабизе. ЧIезабураб пенсия цIидасанго рикIкIине ккола, гьел соназул документал ругони. Гьелъие гIоло пенсиялъул фондалде хъвазе ккола гIарза. Гьелда цадахъ рукIине ккола документалги.

Страховияб гуреб замана рикIкIуна гьелде щвезегIан, яги гьелдаса хадуб хIалтIун ругони.

*дарабазул гъамас*

# БагIаргьоло

**БагIаргьоло, нилъехъ гьелда нугъало абула. Нилъер цересел умумузеги, жакъа нилъееги нилъер столалдаги гьеб хиси гьечIеб кванил нигIмат ккола. Халкъияб медицинаялда ургьисалабазул, понцIолоялъул, рекIелгун - бидурихьазул унтаби, чакаралъул диабет, подагра, ревматизм сах гьабизе лъикIаб хIасилгун хIалтIизабула гьеб.**

БагIаргьолоялъул мочабиги, ракъвазе гьарурал тIугьдулги цидал къвачIаялъул яги ургьисалабазда чIинхал ругони хIалтIизабула тIугьдузул бахъараб лъамалъи. Цо стакан цIураб лъелъе бала 20 грамм нугъалудул мочаби ва тIугьдул. Квандa цебе гьекъола бащдаб стакан лъамалъиялъул. БагIар гьолоялъул чурпа хIалтIизабула кванил рукъ ва бакьал сах гьаризе. ГIелмияб медицинаялъ багIаргьоло хIалтIизабула бидулъ чакар дагьлъизабизе. ГIисин гьабун гъуризабураб кIиго кIудияб гъуд багIаргьолоялде цо стакан лъел тIола ва I3 минуталъ гьализабула. Гьекъола кванида цебе I-2 кIудияб гъуд. Абула гьеб лъамалъиялъ инсулин гьабураб гIадаб асар гьабулилан.

**Интернеталдаса босараб.**



***Тарихалъул бальгоял тIанчал***

# ШАМИЛИЛ ВАС ЖАМАЛУДИН РОССИЯЛДА

*( Цебесеб 28 аб. номералда)*

**КватIичIого, ай I845 соналъул 4 июлалда, рагъулав министр граф А.И. Чернышевасул амру бачIана мугIрузул халкъазул депутатазда сихIирго, квеш букIунареб къагIидаялъ бичIчIизабеян бакIалъулал хIакимзабазул изну гьечIого Жамалудинихъа кагътал росизе яги гьесул цогидал тIадкъаял тIуразаризе гьезул ихтияр гьечIилан.**

Ахиралдаги пачаяс амру гьабуна Жамалудинил кагъат, рес ккани Шамилихъе кьезе, официалияб бухьеналъул нухалдалъун Кавказалъулаб корпусалъул бетIерав командующий генерал М.С. Воронцовасухъе битIеян. I845 соналъул 21 июлалъ гьеб кагъат Тифлисалде битIана, амма гьеб Шамилихъе щвейщунгутIиялъул киналгIаги баянал гьечIо.

1847 соналъул 4 ноябралда Жамалудиница инсухъе кIиабилеб кагъатги хъвана. Гьебги тIоцебесебго гIадин пачаясул буюрухъалда рекъон Шамилихъе швезе гьабизе рес батеян М.С. Воронцовасухъе Тифлисалде битIана, амма гьелъулги кинаб къисмат ккарабали рехсолел хIужаби ратизе кIвечIо. Цебеселда магIна релълъараб бугониги, кIиабилеб кагътида Жамалудиница рагьун хъвалеб буго жиндирго гIумруялъул хIакъалъулъ. Гьединлъидал цIалулезе гьелъ асар гьабилин абун нижеца гьеб тIубанго бахъулеб буго.

*«Нилъ ратIалъун бараб микьабго соналда жаниб дихъе цо нухалъгIаги дур я эбелалъул хIакъалъулъ кинабгIаги хабар щвечIо. Дида лъалеб гьечIо нужер руцIухIун чIеялъе гIиллалъун щиб рикIкIинебали. Унго нужеда кIочонищ, вугев щибаб минуталъ ТIадегIанав Аллагьасда нужее сахлъи гьарулев вукIунев дун. Эмен, божа, дур вуцIухIун чIеялъ дир цIакъго ракI къварильизе ва рахIат хвезабулеб буго. Пачаяс жиндирго лъималазул гIадаб тIалаб – агьазги гьабун, нижее кигIан лъикIал шартIал чIезарун ругониги, дур вуцIухIун чIеялъ дие квал – квал гьабулеб буго кколеб куцалда цIали гьабизе.*

*Дун цIалулев вуго тIоцебесеб кадетазулаб корпусалда. Кьойилго нижгун цадахъ рагъулал ишал лъазарулел рукIуна пачаясул лъимал, кIудиял князал Николай ва Михаил Николаевичалги. Кьокъ гьабун абуни, нижер гьабулеб тIалаб-агьазги, нижедехун бугеб бербалагьиги бицун хIал кIоларебгIан лъикIабги тIадегIанабги буго, гьединлъидал, Аллагьас дие мун вихьизе хъван батани, Россиялде дун витIаралъухъ дица дуе ракI-ракIалъго баркала кьела. Гьанже дида бичIчIана, батIибатIиял гIелмаби лъай кигIан хIажатаб ва пайдаяб иш кколебали. Гьединлъидал гIицIго рагъулал ишал гурелги, рузманги гьатIанги хутIизегIан щибаб кьоялъ анлъ-анлъ сагIаталъ дица лъазарула франг, немец, гIурус мацIал ва цогидалги пайдаял гIелмаби. ГIезегIанго заман кьола спорталъе, черх лъадаризабиялъе. Амма гьанжеялдаса гIемерго цIикIкIараб гьира-щавкъгун цIалилаан дун дур рахъалдасан цо чанго мухъ хъварабниги кагъат щолебани.. Гьеб мехалда дир ракIчIун букIинаан нужеда дун кIочон тун гьечIеблъиялда ва дир къисматалъул нужее ургъел букIиналда.*

*Гьединлъидал дица цоги нухалъ гьарулеб буго дихъе цо-кIиго мухъ хъвараб жаваб битIеян. Кьо-мех лъикI хириляв, къимат тIокIав дир эмен. Гьарула дуе щулияб сахлъи ва даимаб рохел. Дунги даим нужее мутIигIав ва нуж хирияв нужер вас Жамалудин».*

1849 соналъ, кадетазулаб гIаммаб цIалул курсал лъугIун хадуб, кадет Жамалудиние пачаясул хасаб амруялда рекъон корнетасул чин кьола. Гьеб заманаялъ гьесда гIезегIанго лъикI лъалаан хадур рехсарал предметал: исламияб дин ва шаргIияб закон, гIурус, франг ва немец мацIал, алгебра, геометрия, ботаника, зоология, географиа, гьоркьохъел гIасрабазул тарих, фронталъул рагъулаб ахIвал-хIалалъул планал гIуцIи ва гьезул суратал рахъи. ГIадлу-низамалъулъ гьесий лъун букIана ункъилаб къимат. Фронталъе - анлъилаб. Доб заманаялъ кадетазул корпусазда билълъанхъизабулаан гIадлу-низамалъе къимат кьолеб хадусеб къагIида: I2 – тIадегIанаб, II-I0 – цIакъго лъикIаб, 6-4 - ярагъунеб, 3- I - квешаб.

Гьединаб ярагъунеб гIадлу-низамгун корнет Жамалудин рагъулаб хъулухъ гьабизе витIула Варшаваялда бугеб рекIаразул анкьабилеб дивизиялъул цо полкалде. Гьениб суал бачIуна Жамалудиница магIарул ретIелищ яги рекIаразул полкалъул офицерасул формайиш ретIине кколеб абун. Гьеб суалалъул хIакъалъулъ гьабураб докладалда Николай I-яс хъвай-хъвагIай гьабун буго «жиндиего бокьараб ретIел ретIине изну кьунин абун. Гьебго кагътида буго: «Жамалудиница магIарул ретIел тIаса бищана» -абун гьабураб дивизиялъул бутIрузул хъвай-хъвагIайги. Цогидаб документалда (ведомосталда) рехсолеб буго Жамалудиние магIарул ретIел букъизелъун 9 метр хъахIилаб сукноялъулги. 4 метр, гIурччинаб бархаталъулги, I6-го гIарцуца къачIарал патирабиги ва цоги хIажатабги биччалеб бугилан.

ГIурус армиялда хъулухъ гьабизе жиндие къисматлъун ккараб щуго соналда жанив Жамалудин гIемерал бакIазде щвана, чанго батIиял халкъазул гIумруялъул шартIалги гIададаталги рихьана.

1849 соналъул октябралда, Польшаялъул ракьалдаса рагъулал частал нахъе рачараб мехалда, Жамалудиница хъулухъ гьабулеб полк щвана Ковенск губерниялъул Поневежск уездалде. ГIицIго I85I соналъул июлалъ щвана гьеб жиндие кидагосеб рештIеналъе бихьизабураб Новоторск уездалде. Гьелъул штаб абуни букIана Петербург – Москва шагьранухъда бугеб шагьар Торжокалда.

I852 соналъул авалалда Тверь шагьаралда гIуцIулеб бригадаялде гьорлъе ана Жамалудинил полкги. Гьебго заманалда тIадегIанаб амруялда рекъон Жамалудиние кьуна поручикасул чин. Гьедин лъабго соналдаса поручикасул чин кьолаан магIарулазул корнетазул цIакъго къанагIатазе, ай иш лъалел, жидер бажариги гьунарги бугезе.

I853 соналъул октябралда байбихьана Россиялда «Бакъбаккулаб» абун цIар лъураб рагъ.

Жамалудиница хъулухъ гьабулеб полкалъ хасел тIамуна Тверь губерниялда ва I854 соналъул ихдал гьеб Польшаялдехун къватIибе бахъана. Гьенире цIикIкIарал рагъулал къуватал цIалел рукIана, шайгурелъул Австрия, Пруссия, Щвеция гIадал улкабаз рагъда гIахьаллъи гьабиялъул хIинкъи букIун, гIурус армиялъул командованиялъ хIаракат бахъулеб букIана империялъул бакътIерхьулал гIорхъаби щула гьаризе. Гьедин, гьебго соналъул сентябралда Жамалудинил полкги щвана Варшава губерниялъул бакътIерхьул уездазул цоялъул администрацияб центрлъун кколеб Ленчица абулеб гьитIинаб шагьаралде. Абизе ккола, гIурус рагъухъабазулги Польшаялъул гIадамазулги гьоркьобльи расниги лъикIаб букIинчIилан. Рагъухъаби хьвадулаан гIамал кIодого, нахъегIанго, кколаан хъамалчилъиялъул хIужабицин.

БетIераб гIакълуялъул хIеренаб ракIалъул Жамалудин полкалда киназего, рекIее гIолаан ва гьесул хIурмат гьабулаан. Амма рукIана гьесул жиндирго захIмалъабиги. МоцIрое щолеб харж гIоларого букIун батизе ккола, гьес гьалмагъзабазухъа къарзалъе гIарац босулаан. Мисалалъе I854 соналъул ахиралда гьес жиндирго полкалъул анкьго офицерасе налъи кьезе кколаан. Гьедин, рекIаразул полкалъул офицерасул гIадатияб гIумруялда Жамалудин вукIаго Кавказалда ккана гьесул къисмат тIубанго хисизабулел лъугьа-бахьинал. I854 соналъул авалалда Шамилил муридаз Кахетиялде гьабураб чабхъеналъул хIасилалда гьезухъе кверде росизе щвана Цинандали росулъа бечедал ва цIар бугел гIадамал. Гьедин, Шамилихъе ккана гуржиязул ахирисев хан Георгий XIII абилесул вас Илья Георгиевичасул кIиго яс, гьезул лъимал, гIагарлъи ва хъулухъчагIиги. Цояй ясалъул рос вукIана генерал И. Д. Орбелиани. Кавказалда гьев машгьурав вукIана «Бакъбаккулаб» рагъулъ ругъунги щун хварав бахIарчи хIисабалда.

КIиабилелъул рос кколан Кавказалъулаб корпусалъул главнокомандующиясул адъютант, полковник Д. А. Чавчавадзе. I854 соналъул июлалъ Шильда росдаде магIарулаз гьужум нахъчIваялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ полковникасул чинги кьун гьев тIамуна флигель-адъютантлъун. Гьанибго абизе ккола гьел хъизаназул гIемерисел вакилзаби рукIана Россиялъул тIадегIанал административиял ва рагъулал хъулухъазда. Гьедин Д. А. Чавчавадзел цояй яцалъ бетIерлъи гьабулеб букIана Мингрелиялъе, цогидай яцалъул рос барон А. П. Николай кколаан Закавказиялъул краялъул бетIераб управлениялъул советалъул членлъун. Гьесул вац Л. П. Николай вукIана лъарагIлъиялда бугеб полкалъул командирлъун. Генерал И. Д. Орбелианил вац Г. Д. Орбелиани вукIана Каспийск краялъул ва Дагъистаналъул рагъулал къуватазул командующийлъун.

*(Хадусеб букIине буго)*





*тохтурасул малъиял*

# Чехь бакьалъул унтабаздаса цIуне

**Хаселги лъугIун тIаде их ва рии щолеб мехалда тIаде цIикIкIине лъугьуна чехь – бакьазул унтаби. Нилъеда киназдаго лъала ва лъазе ккола гьел унтаби уна рахунел унтабазда гьоркьоре.**

Чехь – бакьалъул инфекциялдалъун кколел унтабазул цо кьокьаялда гьоркьоре уна гIемерал батIи – батIиял унтаби: бидул риххел, цIадул унти, вабаъ, бруцеллез, гIубал унти, ВГА, гельминтозал ва цогидалги. Гьаб кьукьабазул унтабазул хаслъилъун ккола гьезул инфекцияби тIиритIиялъул батIи – батIиял нухал рукIин – лъедасан, ракьалдасан, кванидасан ва цогидалги тIагIел – алаталдасан.

Гьелдаса цIуниялъул хIалтIи гьабиялъул буго лъабго батIияб кьагIида – инфекция тIобитIизабулел бакIалъул хIинкъи лъугIизе гьабиялдалъун, унтабазда данде чIезе черхалъул бугеб бажари цIикIкIинабиялдалъун, унтабиялъул ккезариялъе ва микробал тIоритIизариялъе ругел ресал лъугIизариялдалъун.

Гьекъулеб лъим ва ракь чороклъиялъе гIемерисеб мехалда гIиллалъун ккола инсанасул хIажалъи гьединал туалетал ралел бакIал мекьи тIаса рищиялъ. ГIалагъважи чороклъи жанибе бакIарулеб бакIалдаса мекьи пайда босиялъ (канализация, мусор балел жал) кIудияб асар гьабула свсерухълъи чороклъизабиялъе ва унтаби тIоритIизариялъе.

Гьединлъидал (лъарал, гIорол ва рагьараб бакIалдаса босараб лъим гьализабизе лъикIаб буго, гьоркьор ругел кишечниял палочкаби хвезе гьаризе).цIикIкIараб цIодорлъи цIунизе ккола туалетал ралел бакIал тIаса рищулаго. Кинго риччазе бегьуларо гьениса хьублъи лъимгун жубаялде ресал. Гьебго заманалда туалет базе бегьуларо аскIоб бугеб иццалда 30 метр гIагардегIан.

Чехь – бакьазул унтаби тIоритIиялъе гьединго гIиллалъун ккезе бегьула кванил батIи – батIиял нигIматалги, гьенир санагIатал шартIал рукIуна гьел микробал хехаб куцалда гIемерлъиялъеги.



Пихъ овощал цин тIаса чороклъиялдаса рацIад гьаризе ккола ва хадур мухIканго чуризе ккола.

КъватIиса босараб цIияб рахь кванние хIалтIизе гьабизегIан гьализе гьабизе ккола.

Нахъе хутIарб квен цIунизе ккола гIункIкIал, тIутIал ва цогидалги хIутIал щвезе рес гьечIеб, къараб цIарагIалда жаниб.

Гьаниб абичIого гIоларо, рукъалъул шартIазда гурони, рукъ бахун къватIибехун санитарияб культура хвезаби ккезариялъе ва микробал тIоритIизариялъе ругел ресал лъугIизариялдалъун.



Унтабаздасан цIуниялъе гьарулел тадбиралъул комплексалда гьоркьобе бищунго кIвар бугеб бакI ккола – унтабазул микробал тIоритIиялъе ресал лъугIизариялъ.

ЦIадул унтул (брюшной тиф) ва вабаъалъул (холера) микробал инсанасул чорхолъ цIунун хутIизе бегьула цIакъго халатго, бидул риххел унтийин абуни хутIизе бегьула даимго черхалъулъ бессараблъун. Гьединлъидал унтабазда данде кьеркьолаго аслияб кIвар бусcинабизе ккола лъедаса битIун пайда босиялде гьелда хадуб гьабулеб санитарияб хъаравуллъи кутаклъизабиялъе, сундулъго рацIа – ракьалъи букIинабиялде.

Чехь – бакьалъул унтаби гIемер тIоритIула лъедасан ва ракьалдасан гIадамаз рацIалъи цIуниялъул тIалабал тIуразарунгутIиялдалъун. Гьелъие аслияб гIилла унтаби ккезарулел микробал халатаб заманаялда лъелъ ва ракьулъ цIунун хутIизе кIолеблъи.

Масала: цIадул унти (брюшной тиф) микробазда гьедин лъелъ ва ракьулъ цIунун хутIизе кIола кIиго анкалде щвезегIан, бидул риххелазда (дизентерия) 4 анкьалде щвезегIан, вабаъалъулазда (холера) – 3 моцIиде щвезегIан.

илдалъун, хасго нилъер росдада сверухъ къватIазда тараб чороклъиялдалъунги цIикIкIинабулеблъи чехь – бакьалъун унтаби.

ГьабсагIаталда нилъее букIине кколеб кумек квер бакьи гьабулеб буго росдал администрациялъ, анкьида жаниб 2 – 3 кьоялъ хIалтIизарулел руго мусор баччулел машинаби, гьедин букIаниги камулел гьечIо гьанире - доре нух ракьанде рехарал мусоралъул пакетал. Гьединго жаниса машинаби рацIад гьарулаго нухаре ран тола пакетал, сигареталъул ва семичкаялъул мусор, чIорогосел шишаял. Заман щун бугоан щибаб чиясда жинца сверухълъи чорок гьабулеб букIин лъазе ва ургьизе.

МУХIАМАДОВ ХIамзат .



**Канлъи дагьлъулеб бугони, хурдузул дарабазги кумек гьабула. Бищунго цебе канлъи цIуни бараб буго «А» витамин гьорлъ ругел хурдул хIалтIизариялда. Аслияб къагIидаялъ гьеб витамин букIуна хIайваназдасан щолел нигIматазулъ. Кванис хIалтIизарулел хурдузулъги буго гьеб витамин. Гьезда гьоркьор рехсезе бегьула багIараб пилпил, цIцIекIу, гIурччинаб пер, ахбазан, курак, багIараб помидор, тIогьилаб ламадур, картошка, жакки, гьарцIи, мучари, микьир, гIурдахIан.**

Баянаб буго гIурус мучариялъ беразул канлъи лъикIлъизабулеблъи, гьелъулъ унти къотIизабулеб къуват букIинги. Гьединго, перальги ражиялъги гIезегIан унтаби нахъчIвазе кумек гьабулеблъиги лъала нилъеда. Гьединго лъала талганалъги гьараналъги берзул канлъи лъикIлъизабулеблъиги. Берзул канлъуе черникаялъги лъикIаб асар гьабулеблъи чIезабун буго. Гьелъул пихъилъ цогидаздаса цIикIкIун батун буго марганец, гIечул, лимоналъул, рахьдал цIекIлъаби, провитамин «А» (каротин), «В» группаялъул витаминал, батIи-батIиял гьуинлъаби. Даруял руго черникаялъул тIамхалги. ХIалбихьиялдалъун чIезабун буго черникаялъул пихъилъ пигмент букIин. Гьелъул кьер рехизабулеб хасият букIин гурееби, беразул кьер-мухъ рукIалиде бачIине кумеки гьабулеб буго гьеб гIисинпихъица. Гьанже черникаялъул пихъ кьанцIцIун бахъараб лъамалъиялъул берзул канлъи лъикIлъизабулел таблеткабиги гьарула.

Берадзе хIал кколеб хIалтIуда ругел гIадамазе (шоферзабазе, сагIтазул устарзабазе, накъищчагIазе, педагогазе) лъикIаблъун бихьизабун буго, берзул канлъи цIуни мурадалда, гIатIго ва консервал гьаруреб черникаялъул пихъ кванаазе. Гьеб букIуна космонавтазе, летчиказе кьолеб кванилъги.

# Канлъи дагьлъулеб бугони

**Берзул канлъи лъикIлъизабизе** Китаялда пайда босула аиралдаса (хьуцIил хьин, хвалчен-хер). Гьеб хIалтIизабиялъе гIиллалъунги кколеб буго гьелъул кьолболъ букIунеб эфиралъул нахалъ берзул рукъалъул ччорбал дугъдазе риччангутIи ва берадза жаниб бугеб хIалуцин чучлъизабулеб букIин.

Аиралъул ракъварал кьалбал гIисин гьарун руссина. Гьелъул 15 грамм бала лъел 0, 5 л гьорлъе ва гьализабила. Цинги цIцIураб тIокIкIел къойида жаниб 3-4 нухалъ гьекъела. Дару гьабила 3-5 анкьалъ.

**Канлъи лъикIлъиялъе халкъияб медицинаялъ бецдараблъун рикIкIуна гьадинаб дару:** кIиго бутIа василекалъул тIугьдузулги, кIиго бутIа аиралъул (хьиналъул) кьалбазулги, цо бутIа рута пахучая харилги, лъабго бутIа хIамагагаялъул (одуванчик) кьалбазулги, ункъо бутIа черникаялъул тIанхазулги жубазабила. Журазарурал хурдузул лъабго кIудияб гъудалде 1, 5 стакан гьалараб лъелги тIун, цIакьго гьитIинаб цIадутIа тела 10 минуталъ. Цинги цIорозеги тун цIвила. Гьеб лъим тIинкIила бадибе.

Сиреналъул тIугьдузул чай гьабе. 20 минуталъ гIодоб лъун те ва гьелъулъ ччураб катан берадза тIад лъе 3-5 минуталъ. Берал свакан ругони, лъикI мадар гьабула.

**Берал чвахулел, берзул тIелхал унтулел ругони,** гьел чуризе ккола цIорозегIан гIодоб лъун тараб, чIегIерабги гIурччинабги чай жубазабун лъугьараб лъамалъиялъ.

**Берал рагьизе кIоларого, данде седон ругони,** гьел сах гьаризе хIадур гьабила гьадинаб дару: босила цо чайдул гъуд жогьалъул (черемуха) тIугьдузул, гьелде тIела гьализеги гьабун цIорораб лъел стакан, 8 сагIаталъ тIокIкIине тела. Жогьалъ микробал хвезарула, бералги сах гьарула.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
Заказ № ________. Тираж 1000 экз.

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо». Ж. Сервантес***

Индекс 51350.
Цена свободная.
Подписано в печать 13 августа 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00